



Pou Piblikasyon Imedya: 21/07/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE FINISMAN DEVLOPMAN LOJMAN KI KOUTE 7.7  
MILYON DOLA KI BAY SIPÒ NAN KONTE CORTLAND**

*Grace Brown House ofri 25 inite lojman sipò pou sivivan vyolans domestik k ap fè eksperyans ak sitiyasyon sanzabri*

*Pwojè a pati ap "CNY Rising" lan - ki se estrateji global rejon an pou revitalize kominote yo epi devlope ekonomi an*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a finisman Grace Brown House, yon pwojè lojman sipò pèmanan ki koute 7.7 milyon dola nan Konte Cortland. Finanse ak finansman nan Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) eta a ak Biwo pou Asistans Tanporè ak Enfimite an (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA) Eta a, pwojè a te kreye 25 inite lojman sipò pou sivivan vyolans domestik ak fanmi yo ki riske fè eksperyans sanzabri.

"Twò souvan, sivivan vyolans domestik yo reyalize yo fè fas ak enstabilite lojman kòm rezulta dirèk apreè move moman yo", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Grace Brown House pral bay kay ki estab ak sèvis enpòtan pou sivivan sa yo ak yo ak fanmi yo, ki an retou pral ede kominote New York Santral yo konfwonte kòz rasin sitiyasyon sanzabri yo."

"Lojman sipò bay yon altènatif ki bay swen ak sipò pou sitiyasyon sanzabri kote sivivan vyolans domestik yo ka non sèlman viv men tou, yo ka resevwa sèvis ki nesesè yo", **Gouvènè Adjwen Antonio Delgado te deklare**. "25 inite ki nan Grace Brown House nan Konte Cortland pral ofri yon azil ki an sekirite pou viktим vyolans domestik yo epi ede yo sou wout rekiperasyon an."

Devlope pa Christopher Community, Inc., estrikti twa etaj la gen ladan 18 apatman ki gen yon chanm ak sèt apatman ki gen de chanm, epi tout inite yo rezève pou moun oswa fanmi ki fè eksperyans ak sitiyasyon sanzabri oswa ensekirite lojman. YWCA nan Cortland ap bay sèvis sipò -ki gen ladan jesyon ka, sèvis legal, edikatif, ak sèvis pwofesyonèl - atravè finansman fonksyònman atravè Inisyativ Lojman Sipò Empire State (Empire State Supportive Housing Initiative, ESSH) la, ki ap administre pa Biwo pou Asistans Tanporè ak Enfimite an.

Yo te nonmen devlopman an pou onore Grace Brown, ki te demenaje ale rete Cortland pou chèche yon lavi miyò pandan kòmansman 20èm sèk la, men li te pito asasinen pa yon patnè entim. Istwa trajik li a te atire atansyon nasyonal la e li te ogmante konsyantizasyon sou vvolans domestik.

Grace Brown House te finanse ak yon alokasyon kredi enpo federal sou lojman pou moun ki gen revni fèb ki pral jenere anviwon 4.6 milyon dola nan fon pwòp ak 365,000 milyon dola nan sibvansyon ke Biwo Renouvelman Lojman ak Kominote ap bay. Pwojè te resevwa 1.9 milyon dola nan finansman ki soti nan Pwogram Lojman ak Asistans pou Sanzabri (Homeless Housing and Assistance Program, HHAP) a, ke Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikap eta a ap jere a.

Anplis de sa, devlopman an te resevwa 500,000 dola atravè Federal Home Loan Bank, epi, 25,000 dola atravè Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) la. Tout apatman yo nan pri abòdab pou fanmi ki ap touche 50 pouzan nan revni medyan zòn lan oswa pi piti ke sa.

Sitiye tou pre liy transpò piblik yo, devlopman an gen ladan de apatman ki adapte pou yo konplètman aksesib pou moun ki gen pwoblèm mobilite ak de inite ki konplètman aksesib pou moun ki gen pwoblèm pou tande oswa pwoblèm vizyèl. Ekipman biling yo pral gen ladan yon chanm kominotè, yon zòn jwèt pou timoun yo, enstalasyon lesiv an komen, yon laboratwa enfòmatik, yon administratè pwopriyete ak anplwaye pou bay sèvis sipò, yon lakou deyò, ak yon lakou rekreyasyon.

Grace Brown House fè pati plan anbisye Gouvènè Hochul la pou tout eta a pou rann lojman pi abòdab, ekitab ak estab nan tout New York. Gouvènè a te entwodui epi garanti ak siksè, nan Bidjè Eta ki fèk adopte a, yon nouvo plan lojman konplè ki koute 25 milya dola, sou senk ane, ki pral ogmante rezèv lojman nan kreye oswa prezèv 100,000 kay abòdab atravè eta ki gen ladan 10,000 ak sèvis sipò pou popilasyon vilnerab yo.

Pwojè a batitou sou estrateji jeneral Gouvènè a pou revitalize kominote yo ak devlope ekonomi an atravè eta a, ki gen ladan "Central NY Rising", plan global rejyon an pou jenere kwasans ekonomik solid ak devlopman kominotè. Depi 2011, Biwo Renouvelman Kay ak Kominote Eta New York la te envesti 296 milyon dola nan rejyon New York Santral pou kreye oswa prezèv plis pase 4,000 kay abòdab.

**Komisè Biwo Asistans Tanporè ak Andikap la, Daniel W. Tietz, te deklare**, "Sivivan vvolans domestik yo souvan soufri twomatiz dirab ki soti nan abi yo, epi boulvèsman emosyonèl sa a ka finalman lakòz yo fè eksperyans enstabilite lojman. Lojman sipò pèmanan ke Grace Brown House ofri a ap ranpli yon bezwen ki pa satisfè nan Konte Cortland, pandan y ap bay estabilite pou sivivan yo nan New York Santral. Pwojè sa a, menm jan ak anpil lòt pwogram Lojman ak Asistans pou Sanzabri, demonstre vrè detèminasyon Gouvènè Hochul pou asire yon lojman ki estab enklizif ak ekitab pou tout Nouyòkè yo."

**Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote a, RuthAnne Visnauskas, te deklare**, "Chak Nouyòkè merite yon kote ki an sekirite pou yo rele lakay yo, epi Grace Brown House pral ofri sa ak plis ankò pou 25 kay. Ansanm ak sèvis sipò yo, bilding devlopman ki efikas an enèji a ak ekipman ki pratik pou fanmi yo pral ofri yon anviwonman konfòtab pou rezidan yo geri ak pou yo avanse pou pi devan. Mèsi a OTDA, YWCA a ak Christopher Community pou patenarya yo nan konplete devlopman k ap chanje lavi sa a, ak Gouvènè Hochul pou angajman li pou ogmante rezèv lojman abòdab ki bay sipò nan New York Santral ak atravè eta a."

**Kelli Nicholas-Owens, Direktè Biwo pou Prevansyon Vyolans Domestik (Office for the Prevention of Domestic Violence, OPDV) la, te deklare**, "San lojman sekirize epi nan pri ki abòdab, anpil viktim vyolans domestik dwe fè chwa ki enposib swa pou yo rete ak patnè k ap abize yo oswa vin sanzabri. Pandan Eta New York ap transfòme sistèm yo pou vin plis santre sou sivivan, enfòme sou twomatiz epi responsab sou plan kiltirèl, n ap refòme sèvis yo epi bay priyorite a solisyon lojman pèmanan pou estabilize fanmi ki afekte pa anpil fòm abi. Grace Brown House onore sivivan ki bezwen sipò yo kounye a nan bay inite lojman pèmanan ak sipò. Mwen fyè pou m sèvi yon Gouvènè ki priyorize lojman ki an sekirite ak ki estab pou popilasyon ki pi vilnerab yo, tankou viktim ak sivivan vyolans ki baze sou sèks yo."

**Manm Asanble, Anna R. Kelles, te deklare**, "Mwen kontan selebre Gran Ouvèti Grace Brown House ak patenarya ant Vil Cortland, vil Cortlandville, Konte Cortland, Christopher Community ak YWCA ki te pèmèt pwojè sa a reyalize. Konte Cortland, tankou anpil kote nan New York, gen gwo bezwen lojman abòdab ak sipò. Se travay nou pou ogmante lojman nan tout tranch yo, espesyalman anba a 50 poustan AMI. Bilding sa a adrese yon pyès enpòtan nan kastèt la pandan n ap travay pou asire ke tout moun nan kominote nou an gen aksè ak lojman ki an sekirite epi ki abòdab. Pandemi COVID-19 la vin pi agrave vyolans domestik e li tèlman enpòtan pou nou kreye azil ki an sekirite kote moun non sèlman gen yon kay ki estab ki an sekirite, men tou gen aksè ak sèvis konplè. Grace Brown House lan pral bay 25 fanmi lojman ansanm ak gadri pou timoun ki enpòtan anpil, sipò sante mantal, fòmasyon pou travay, epi sa ki pi enpòtan, yon anviwonman pou gerizon ak otonomi."

**Kelly Tobin, Direktris Egzekitif, YWCA Konte Cortland lan, te deklare**, "YWCA Cortland te opere sèvis lojman ijans pou plis pase 40 ane nan gade bezwen pou lojman abòdab ki kontinye ap grandi nan Kominote Cortland. Grace Brown House la pral pwolonje òf yo pou kliyan k ap elimine baryè ak bon jan kalite lojman ki an sekirite, ak abòdab. Nou kontan pote pwojè sa a nan kominote a ak nan pwogram Èd pou Victim Vyolans (Aid to Victims of Violence) yo kòm yon ekstansyon sèvis konplè nou yo nou ka ofri sivivan Vyolans Domestik yo."

### Akselere CNY Rising

Grace Brown House konplete "[CNY Rising](#)", ki se plan global rejyon an pou jenere kwasans ekonomik ki djamn ansanm ak devlòpman kominotè. Plan ki fèt sou plan

rejyonal la konsantre sou kapitalizasyon mache global yo, ki ranfòse antreprenarya epi kreye yon ekonomi ki enklizif. Rejyon an ap akselere CNY Rising ak yon envèstisman 500 milyon dola Eta a atravè Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò a (Upstate Revitalization Initiative), ki pral ankouraje biznis prive yo envesti plis pase 2.5 milya dola. Plan rejyon an, jan li soumèt la, gen pwojè pou plis pase 5,900 nouvo djòb.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)